Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2024 соналъул 6 декабрь Рузман №54 (7868) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 11 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Сапар

## «МагIарулай» ЦIумада, цIумал борхалъуда…

Гьаб соналъул 27 ноябраль «МагIарулай» журналалъул хIалтIухъаби щвана Агъвали. Гьенир гьел дандчIвана ЦIумада районалъул администрациялъул



бетIерасул заместитель Х. МухIамадовгун.

Хадуб гьез жидерго редколлегия тIобитIана МухIамад Шамхаловасул цIаралда бугеб районалъул библиотекаялда. Гьениб гIахьаллъи гьабуна «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул бетIерав редактор ГI. Малачдибировас, райадминистрациялъул аппараталъул нухмалъулесул ишал тIуралев TI. АхIмадовас, районалъул администрациялъул архивалъул нухмалъулей ХI. АхIмадовалъ, райбиблиотекаялъул нухмалъулей П. ХIасбулаевалъ, Лъондода росдал гьоркьохъеб школалъул завуч З. ГIалиевалъ ва райбиблиотекаялъул хIалтIухъабаз.

Данделъи тIобитIизе Агъвалире рачIун рукIана республикаялъул анкьго мацIалда биччалеб «Женщина Дагестана» журналалъул бетIерай редактор Хамис Шамилова, гьелъул заместитель Сулгият Булгаева, гIурус мацIалда биччалеб журналалъул редактор Гульнара Асадулаева ва «МагIарулай» журналалъул редактор Баху МухIидинова.

Гьениб гьабураб кIалъаялда Баху МухIидиновалъ бищун цебе борхана авар литературияб мацI гIун бачIунеб гIелалда малъиялъул ва лъаялъул суал. Лъайкьеялъул идарабазда кинаб кIвар гьелде кьолеб бугебали ва эбел-инсул кинаб бербалагьи гьеб суалалде бугебали мухIканго бицана гьениб. МацI лъалеб гьечIони, газет-журнал цIалун бажаруларо. ЦIалун бажарударел журналал рахъиялъул магIнаго гьечIеб бакIалде рачIинел ругилан бицана гьелъ. Гьеб суалалда тIасан гIемерав чияс загьир гьабуна жиндирго пикру ва киналго цо хIукмуялде рачIана-чара гьечIого нилъер миллаталъул гIаммаб мацI цIунизе ва наслабаз наслабахье кьезе кколилан.

Хамис Шамиловалъ щулияб хъизанал гIуцIиялдеги, лъималазе букIине кколеб тарбия кьеялдеги кIвар буссинабизе кколилан бицана. Миллияб мацIги, адабият, маданиятги цIунизе ккани, цIаликъалиялде, лъай босиялде кIвар кьезе кколилан бицана Гульнара Асадулаевалъ. ЖамгIиял гьундузул пайдаги, заралги, битIаралдаса тIекъаб кин батIа гьабилебалиги бицана Сулгият Булгаевалъ. Киналго гьалбадерица районалда культурияб рахъ цебетIеялъе кIудияб хIалтIи гьабизе ккелила, кIвараб кумек гьабизе жалги хIадурал ругилан абуна.



Агъвали тIобитIараб редколлегиялъул хIасилалда хIукму гьабуна: ЦIумада районалъги «МагIарулай» журналалъги гьенир рорхарал ва цогидалги суалазда хурхун хIалтIи цадахъ бачине; журналалда районалъул гIадамазул ва гIумруялъул хIакъалъулъ хъвазе; ЦIумада районалъ мацI цIуниялда хурхун тIоритIулел тадбиразда гIахьаллъизе; районалъул лъикIал рахъал, тарихиял хIужаби, лъугьа-бахъинал жамгIиял гьундузул кумекалдалъун тIиритIизаризе; ЦIумада районалъул гIадамазда «МагIарулай» журнал хъвазе заман щун букIин ракIалде щвезабизе ва гьелъие кумек гьабизе.

Гьединаб берцинаб, ракI жубараб, пайдаяб данделъиялдаса киналго гIахьаллъарал разиго хутIана. Цадахъаб суратги бахъун, тIагIамаб квенги кванан, цоцазе баркалаялъул асаргун, цIумадиселги гьалбалги ратIалъана.

ЦIумалги рукIана борхалъуда ружанхъилел…

**С. ГIалиева**

Подписка-2025

## Депутатасул хитIаб

Ассаламу гIалайкум, дир хириял цIумадисел!

Дие бокьун буго нилъерго гIагараб «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъе подписка гьабеян нужеде хитIаб гьабизе.



Дун гьавуна ва гIуна Шавялда. Бокьула дие нилъер район ва гьелъул халкъ. Район тун къватIив вугониги, дица кидаго хал гьабула районалда бугеб ахIвал-хIалалъул. Гьеб лъазе дие кумекги гьабула районалъул газетаялъ.

«ЦIумадисезул гьаракьалъулгун» дир гьудуллъи щула гьабуна Нальчикалда цIалулелъул дир имгIал, профессор Камалудин ГъазимухIамадовас. Гьесда, газеталъул редактор ГIубайдула Малачдибировасулгун бугеб гьудуллъиялъул квербакъиялдалъун, лъикI лъалаан районалда кколел хиса-басиял, льугьа-бахъинал, гIадамазул гIумру-яшав, гьезул социалияб рахъ. Гьедин дилъги бижана гIагараб районалъул газеталде рокьи, ва сонайил гьабула подпискаги.

Дие бокьун буго район тун къватIир ругел цIумадисезда газетаялъе подписка гьабеян ахIизе. Гьеб ккола гIагараб районгун нилъер бухьен чIезабулеб кьо. Гьелъ нилъ куцала магIарул яхIги, мах1ги, ц1арги, мацIги, миллатги цIунизе.

Гьарула киназего щулияб сахлъи, хъизаналъулаб талихI ва мурадал тIурай.

РакI-ракIалъулаб баркала районалъул газеталъул редакторасе ва коллективалъе нижергун тIей гьечIеб бухьен кквеялъухъ.

**Нуридин Къагьиров,**
Гъизляр районалъул депутатазул Собраниялъул председатель

## ЦIалдохъабазулгун дандчIвай

Гьал къоязда райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Сиражудинов щвана ТIинди росдал школалде. Гьевгун цадахъ рукIана жанисел ишазул райотделалъул хIалтIухъаби ХIажимурад Сиражудинов, ХIасан Багьавдинов ва Рамин ИсмагIилов.

Гьенир гьел дандчIвана росдал школалъул цIалдохъабигун, бицана жакъа дунялалда бугеб ахIвал-хIалалъул, НАТОялъул пачалихъаз дунялалда багъаризабулеб питнаялъул ва гьезул нахъегIанаб, кIигьумераб политикаялъул.

Хас гьабун бицана Украиналда унеб хасаб рагъулаб операциялъул, гьеб байбихьиялъе ккарал гIиллабазул, нилъер гIолохъабаз гьениб бихьизабулеб бахIарчилъиялъул.

Гьединго цIалдохъабазда бичIчIизабуна экстремизмалъул идеологиялъул ва наркоманиялъул квачIикье ккеялдаса, киналгIаги квешал, мекъал ишазда цIодорго рукIине ккелин.

Данделъиялъул ахиралда цIалдохъабазул суалазе жавабалги гьарулаго, полициялъул хIалтIухъабаз гьел ахIана «Лъимал-нилъер букIинесеб» абураб ахIиялда гьоркь сахаб ва бацIцIадаб гIумру гьабизе, эбел-инсухъ, учителасухъ гIенеккизе, школалда кьолеб рухIиябгун патриотикияб тарбиялдаса пайда босизе.

**Гара-чIвари**

# БитIараб нухккун цевехун ине ккола

**Районалдаги ва район тун къватIирги руго жидедаса чIухIизе ва рохизе бегьулел бажариги, льайги бугел цIумадисел. Гьединаздаса цояв ккола Гъизляр районалъул депутатазул Собраниялъул председатель Нуридин Къагьиров. Гьев гьавуна 1980 соналъ Шава росулъ. ЦIалун лъугIизабуна Кабардино-Балкариялъул пачалихъияб аграрияб университет, цинги гьенибго аспирантура. Нуридин Къагьиров ккола росдал магIишаталъул гIелмабазул кандидат, ГIумру гьабулеб буго Гъизляр районалъул Ясная Поляна росулъ, хьизан Фатимагун лъикIаб тарбия-лъай кьун гIезабулеб буго щуго льимер.**

**«ЦIумадисезул гьаракь» газеталъе Гъизляр мухъалда ругел цIумадисез подписка гьабиялъул суалгун щварай дица гьит1инабго гара-чIвари гьабуна гьесулгун.**

**-Нурудин ЖахIбарович, бокьилаан бицине кин дуца профессия тIасабищараб ?**

-Лъабго класс лъугIизегIан дун цIалана Шаваялда. Цо нухалъ магIарухъа нижехъ гьоболлъухье ячIана инсул эбелалъул яц. Гьелъул жиндирго льимал рукIинчIо, нижер абуни, анкьго васги цо ясги рукIана. Рокьор расандулел нижехъги ялагьун, гьелъ инсуда абуна, жиндир ракIги гьезе, кумекалъеги вукIине цогIаги



вас жиндихъе витIеян. Инсуца дуего бокьарав тIаса вищеян абуна ва ункьачоца дун вокьилин абуна. Гьедин ункьабилеб классалдаса нахъе школа лъугIизегIан дун Гьигьалъ росдал школалда цIалана. Школалда цIалулелъул инсуца абулаан цIализе витIизе вугилан Нальчикалде жиндир вацгIаласухъе, гIелмабазул доктор, профессор Камалудин МухIамадовасухъе. Дие цIакъ битIккана школалда. Классалъул нухмалъулей йикIана цIалдохьабазул букIинеселъул ургъел гьабулей Дибирасулаева ПатIимат Набиевна. Гьелъ кидаго абулаан дун лъикI цIализе кколин, бегьуларин дица Нальчикалдеги ун имгIал суризавизеян, бихьизабулаан хIажатаб литература. Дун цIалулеб мехалъ льикIаб лъайги тарбияги кьолел учительзаби рукIана Гьигъалъ школалда, гьез тIадчIун тIалаб гьабулаан нижедаса жидерго предмет лъай, гIадамазда гъорлъ хьвадизе малъулаан. ЛьикIаб тарбияги щун, лъикIал къиматазда школаги лъугIизабун собеседованиялъул хIасилазда рекъон дун цIализе лъугьана Кабардино-Балкариялъул пачалихъияб аграрияб университеталде.

**-Жакъасеб даражаялде вахине дуе мисаллъун щив вукIарав?**

-Дие тарбия кьурав аслияв чилъун вукIана мунагьал чураяв эмен. Дун кидаго гIенеккулаан гьесухъ. Цинги дие насихIатчилъун льугьана инсул вацгIал Камалудин. Дица гьевгун дандбалаан кинабго, босулаан гьесдасан мисал, гIинтIамулаан гьесул малъа-хъваязухъ.

**-Гьаб хъулухъалда кинал захIмалъабигун мун дандчIвалев?**

-Гъизляр районалда гъорлъе уна гIемерал росаби, 22 муниципалитет, 85 росу, захIмалъабиги киназулго гIадинал токалъул канлъи, газалъ хьезари, нухал гьари. Хасало гьурал пун басриял хIубал регун, канлъи гьечIого хутIи, хъил тIечIел нухал, гьединго хъулухъчагIазул гIодобегIанаб харж букIин. Нижер талихI буго нилъер халкъ захIмат бокьулеб букIин, пиринчI хьала, гIи-боцIи хьихьула, ччугIа гIезабула, гьелъ лъикIлъизабула гIадамазул яшав.

**-Гьаб хIалтIуде вачIинелде дур букIана бизнес. Сунца мун гьелде вачарав?**

-Аспирантура лъугIун хадуб дица пикру гьабуна преподавателасул харжги мукъсанаб бугин, цо диего хайир кьолеб иш рагьун лъикIин. Гьедин дун ана Новгородалде, гьениб дармил централда лъазабуна товароведасул хIалтIи. Цинги гьенибго рагьана тукен, къайи босулаан Китаялдаса, Турциялдаса, Узбекисталдаса, Киргизиялдаса. Гьединал «Парад одежд» цIар лъурал тукаби рагьана МахIачхъала хутIун Дагъисталъул киналго шагьаразда. Гьанже гьаб хъулухъалда бан гьеб хIалтIи чIезе тана.

**-ХIалтIудаса эркенаб заман кин дуца тIобитIулеб?**

-БитIун бицани, хIукуматалъул хIалтIи бачине нигат букIинчIо дир. Нальчикалдаса дун рокъове вуссараб мехалъ Гъизляр районалъул депутатазул собраниялъул председателасул рищиял байбихьана ва нилъер районалъул жамгIиял хIаракатчагIаз дида тIадчIей гьабуна. Инкар гьабулеб букIана дица, амма гьезул хIаракат бергьана. Эркенаб заманалда дие бокьула гIи-боцIи хьихьизе, чIухIула эмен вехь вукIиналдаса. Гьединго бокьула лъикIаб тайпаялъул чуял гIезаризеги. Бокьула чуял риччаялъулъ гIахьаллъизе, исана дир чоца ккуна тIоцебесеб бакI ва Россиялда бищун лъикIаб рокъоб гIезабураб чуялъул цIаралъе мустахIикълъана гьеб.

**-Нуридин, нижеда рагIун лъалаан дуца СВОялда ругел рагъухъабазе, сакъатазе, язихъазе гьабулеб кумекалъул хIакъалъулъ. Гьелъул хIакъалъулъ щиб абилеб?**

-БитIун бицани, Аллагьасе гIоло гьабулеб букIун гIемерисеб бахчун тола. Рецц Аллагьас гIураб ризкъи кьун буго дие, ва бажарараб кумек гьабизе хIадуравги вуго. Шаваялда льикI цIалулел льималазе стипендия чIезабун букIана, амма коронавирус тIибитIаралдаса гьоркьоб къотIана. Гьанже пикру буго гьеб цIигьабизе.

**-ГIун бачIунеб гIелалъе кинал насихIатал дуца гьарилел?**

-Дие цIакъ бокьула малъун чи лъугьуларин, бегIерун заз бижуларин абураб магIарулазул кици. Гьединго малъизе чи камуларин, малъараб босизе чи къваригIунин абурабги.

Нилъер руго машгьурал гIалимзабиги, спортсменалги, политикалги, амма кинаб даражаялде ваханиги, инсанлъун хутIизе ккола гIаданлъи. ГIолохъанаб мехалъ гIемерал квешал пишабазде машгъуллъизе бегьула гIолилал, мисалалъе наркотикал, хьалиян бухIи, гьекъел-мехтел. Гьел жидедасаго рикIкIад гьарун, Аллагьасде руссун бацIцIадго иш гIуцIизе жигар бахъани, магIишаталда баракат лъола. Гьединлъидал дица гьел ахIула эбел-инсухъ гIинтIамизе, инсул бетIер къулуларедухъ, эбелалъул бадиса магIил гарал гириларедухъ хьвадизе.

Дирго ишги рагьун дун вохун рокъове вуссараб мехалъ, дир гIакъилай эбелалъ абуна: «Дир вас Нуридин, дун йохана щибаб дур цебетIеялдаса, амма гIемераб гIарац щвей хIехьезе кIоларо цо-цоязда. ГIарцуца чиясул гIамал-хасият хисула, нилъ чIухIула нилъерго бацIцIадаб намусалдаса, дие бокьиларо дир вас кинабго жо жиндиеян хачадизе, хъантIаравлъун вукIине. Дие бокьила мун кидаго намус бацIцIадавлъун хутIизе. Дун эбелалъул гьел рагIабазе кидаго ритIухъвалъун хутIана.

**-Дур гIумруялъул ахIи кинаб бугеб?**

-Дир ахIи буго квегIиса квараниса хьвадичIого, битIараб нухккун цевехун ин. Рецц Аллагьасе гьединан хьвадизе ресги ризкъиги кьуралъухъ, гIадамазе бажарараб кумек гьабизе рес щвеялъухъ, дирго рагIул бетIергьанлъун вукIине бугеб бажариялъухъ.

Ахиралда дие баркала кьезе бокьун буго районалъул газетальул коллективалъе, хасго редакторасе. Аллагьас тавпикь кьеги нужее жеги гIемерал соназ хIалтIи берцинго нухда бачине.

**-Нуридин ЖахIбарович, бицанагIан хабарги, бухъанагIан ракьгиян абула умумуз. Дуеги баркала гара-чIвариялъе заман батиялъухъ, сахлъи ва икъбал гьарула дуеги. Къо-мех лъикI.**

**P.S.** Гара-чIвари байбихьаралдаса нахъе Нуридинил телефоналъул сас къотIичIо. Щивасухъ кIвар кьун гIенеккун, гьабсагIат тIубалин ахIулаан цогидазухье. Гьеб къокъабго заманалда гьоркьоб гьес чанги чиясул мурад тIубана. Гьединав ишги бажарулев, гIадамазулгун берцинаб гьоркьоблъиги гьабизе лъалев вас куцарал эбел-инсуеги, гьесул мугIалимзабазеги баркала.

**Зульфия Сажидова**

**Инсан**

# Минарал ралев устар

ГьитIинаб къоялдаса нахъего дагьа-макъаб лъай-хъвай буго дир ганчIилгун, ай, мухIкан гьабун абуни, ганчIил устарлъигун.

Мунагьал чураяв кIудияв инсуда сверухъ лъугьун, цо-цо квартIа кутIулаан ганчIида, гьес гIадин «кирпич гьабилин» гургинаб ялъуни къадада лъезе данде ккolareб ганчIил абун.



-Мадар гьабулеб буго,-ян абулаан Сапиюлагь-инсуца, дир бетIералда кверги бахъулаго. Амма жеги лъикI дуца богорокъоб кIодое кумек гьабулинги абун, жиндир хIалтIуда тIад «хIучч цIазехъин» дун йикIин бичIчIарабго, регIулаан рокъое. ХIарщ багъаризе лъим къваригIулинги абун, ракьул гъуниялда сверухъ букIараб чирма-ведро цIун бугониги, къватIахъанги ракIарун, цIорол шушбицин цIезаризе йиччалаан, жиндие квал-квал гьабичIого букIинелъун. Гьелдаса хадубгицин цо-цо ганчIида «килищ кIутIун, накъищ бикIкIизеги» заман батулаан дица…

Огь, пана дуниял, бицадулъе араб дир лъимерлъи ва ракIалдещвеял... ва ганчIида квартIа кIутIизе, гьеб лъутIа-къотIун къед базе гIумруялъго хутIараб рокьи… Цо-цо мехалъ ракIалде кколаан, 20-25 сон дир тIубазегIан кIудияв эмен чIаго хутIун вукIаравани, гIезегIан лъикIай ганчIил устар яхъинин диргиян…

Гьал ракIалдещвеяз кверде йосана дагьаб цебе цояз-цоязухъе телефоналдасан рехун бачIараб районцоял-цIар арав ганчIил ва михIмарал раялъул устар Инхили МухIамадовасул ва гьанжелъизегIан дида рагIун, лъан вукIинчIев Рамазан Закарьяевасул хIакъалъулъ, гьез рарал минаразул бицараб видео бихьидал.

Гьаниб бицен гьабизеги бокьун буго ТIиндиса бегIераб къалмил, пасихIаб рагIул устар, мугIалим Рашид Закарьяевасул анцIилаункъабилеб лъимерлъун кколев, ветераназда гьоркьов (60 ва тIадехун санал арал) эркенаб гугариялъул рахъалъ районалъул чемпион, лъебералда цо минара Дагъистаналда барав Рамазанил хIакъалъулъ.

-1995 соналъ бихьана дида дирго росулъ гIагарав чи Инхилица мажгиталъе минара балеб. Гьасда бажарараб дидайищ бажарулареб?-абун пикру ккана ва тIоцебесеб минараялъе «кьучI» лъуна 1996 соналъ. Гьелдаса нахъе араб къоло микьго соналда жаниб бана 31 минара ва 65 купол. Гьаб Гьакъо балеб минара ккола лъебералда цоабилеб. ГIатIидаб буго Рамазаница рарал минаразул география: ЧIарада, Хасавюрт, Казбек, ЦIунтIа, Хунзахъ, Болъихъ ва цогидалги районал. Харахьи Шамил имамлъун вищараб мажгиталъеги бана КIванадаса гамачIги баччун. Автокран бачинебачIине рес гьечIеб бакIалда борхалъуде юк борхулеб кверзул алатги (лебедка) гьабун, кIикъоялда анцIго-нусго метра бугониги, дицаго баччула кирпич-гамачIги,-ян бицана Рамазаница.

Рамазанил руго кIиго ясгун кIиго вас. Цо-цо кумекалъе васалги рачунел руго гьес жидедаго къадахъанлъи кIоченчIого букIине. Абула махщел бугев чи сундулъго махщалилавлъун вукIунин абун, меседил квеpазул устарилан абула гьесдаги: машинаби къачIала, къебелъи гьабула, гьесул кверзукьа борчIараб махщелго гьечIо.

Гьакъосезул рохалие гIорхъи гьечIо Рамазаница балеб минараялъухъги балагьун. Минарал ва мажгитал кколелъулха халкъалъул тарихияб, маданияб ирслъун гурелги, динияб исламалъул бечелъи ва кIодолъи бихьизабулеб шартIлъунги. Хасаб лъай гьечIониги, архитектураялъулги къадахъанлъиялъулги махщел гьес щвалде щун лъазабун буго, байбихьуда махщел камилал къадахъабазда цадахъги хIалтIун.

Минаралгун мажгитал раялъул хIалтIабиги гIасрабаздаса гIасрабазде хисулел, цIилъулел рукIана балагьаразул бер гIорцIулареб асар чорхолъги тун. ГIусманиязул ханлъиялъул заманалда вукIарав архитектор ва михIмаралгун мажгитал ралев Синаница гIададайищха абураб архитектура кколин беразда бихьулеб бакъанилан. Инсаниятaлдаги гIалам бижарав Аллагьасдаги гьоркьоб бугеб бухьен халкъалда бихьизабизе ва цIунизе кIвейги кIудияб иш буго жиндирго эстетикиябгун рухIияб рахъалги росун.

Архитекторлъи чорхолъ бессарав Рамазан Закарьяевасе ракIракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго гьакъосезги.

Жеги анцI-анцI соназ мажгиталгун михIмарал разе щулияб сахлъи кьеги дуе, меседил квеpазул инсан. Дуца кверчIварал Аллагьасул рукъзабахъ какда хадуб-цебе гьабурабщинаб дугIа БетIергьанас къабул гьабеги.

**Хадижат Залимханова**

**ГIадамал ва ишал**

# Руго ракьалда сахаватчагIи

Даруяб регьадул иццухъе ва иццухъе гуребги Инхокъвари лъаралда тIасан бугеб кьодасан хьвадулезул кIудияб байрам бугин абизе бегьила гьанже. Иргадулаб нухалъги бихьизабуна ХъварщикIкIалал жамагIатаз жамагIаталъул газа кьурдаги рекIунеблъи.



Цебеккун райгазеталда бицун букIана кьодухъе щвезегIан унеб сухъмахъунух болъабиги гьарун, нухлулазул гIумруялъе хIинкъи гьечIеб кьагIидаялде рачун, кьачIаялъул. Баркала гIолохъабазе, мунагьал чураяв МухIамад АхIмадовас ва гьесул эмен МухIамадгIалимица байбихьараб хIалтIи киналго разияб куцалда, гьава-бакьалъул шартIазухъ балагьичIого, рагIалде бахъинабуна. Гьебго мехалъ бицун букIана регьадухъе кьо базехъин бугин Лъондодаса Шамсулварал вас АхIмадица. БачIана гьеб рохалилаб кьоги тIаде. Гьеб буго росдал жамагIат гуребги, тIолго районалъул ва гьеб бахун кьватIисанги даруяб иццул лъеда хадур рачIунезе кIудияб рохел.

-Дица цебеккунги абун букIана цо нухалъ регьадухъе щварав дида вихьанин цо кIудияв чи регьадул канистрабигун гьеб сухъмахъалдаса шагьранухде вахунев, гьеб лахIзаталъ дида дирго эмен цеве чIанин абун. Гьедин ккараб пикру букIана дир Аллагьасе гIоло гьаб кьо-нухалъе кумек гьабизе,-ян абуна АхIмадица гьаб нухалъги. ХIажалъи ккаралъуб, кьараб зар гIадин, гьункун, цолъун аскIор чIолел гIолохъаби рукIиндал, кьураби гIанлъизеги щобал тиризеги щибго кьварилъи букIунареблъи дидаги цогидаздаги бихьана. ТIоцебесеб иргаялда баркала кьезе бокьун буго Аллагьасе гIоло абун, нигатги гьабун, мухь босичIого, чIобого гьанир хIалтIарал гIолохъабазе.

Щиб лъалеб, цо заманалдаса цIидасан рагьизе батила гьаниб, советияб заманаялъ букIараб гIадаб, гIадамазе сахгьариялъулгун хIухьбахъиялъул азархана. Хадуб баркала кьезе бокьун буго Болъихъ росдал хъил гьабулеб заводалъул прораб Камалудиние дица кьо базе тIаде босун букIин лъараб мехалъ, бетон жиндир рахъалдасан сайгъат бугин, рейсал гьарурал машинабазул суал тIубайин абурав. Гьединго кири кIодо гьабеги махх-кIачалъул рахъалъ кумек гьабурав Хасавюрталда чIарав Эчедисев Шарапудиние. Кинаб дир кверчIвайха гьеб мехалъ кколеб?! Гьединго цадахъ рахъун лъуна хIубалги, бачана токалъул канлъиги, кьаси лъеде рачIунезе санагIат букIунедухъ. Прожекторал (чирахъал) садакъаде кьурав МуртазагIалиеги кIудияб баркала. ХIалтIул иш жидерго бербалагьиялде босарал, хIажатаб цIехон хIалтIухъабазухъе кьойил щолев вукIарав Инхокъвари росдал бетIер ГIабдулнасир Хизриевасеги, гьесда цадахъ рахъунчIаразеги ракI-ракIалъулаб баркала, Аллагьас киназулго садакъаги кьабулаб батаги, кириги кIодо гьабеги.

-«Хьвадиялъе хIинкъи гьечIел ва тIадегIанаб даражадул шагьранухал» абураб пачалихъияб программаялде гьоркье ккечIониги, тIолго хъварщикIкIал бохараб иш буго Шамсулварал АхIмадица Инхокъвари кьодасан байбихьун гьанибе щвезегIан хъил тIезе хIалтIи тIаде босиги.

Регьадул иццалде аскIобе машина бачIунеб кьагIида гьабун букIана нижеца лъарал квегIаб рахъалдаса нухги бахъун. Амма цIадал ранщинахъ ччукIунги бачIун, гьениб нух хутIулеб гьечIо, гьебги хIисабалде босун, пикру буго гьава-бакьалъул шартIаздаса пайдаги босун, щулалъиялъул кьедги гьоркьан тIаде бан, гьенибе санагIатаб нух бахъизе. Гьелъул хIалтIиги АхIмадица гьабизехъин буго. МухIамадзагьид Давудовасги рагIи кьун буго транспорталдалъун кумек гьабизе гьеб нух кьачIалаго.

ХIакъикъаталдаги, балагьун бер гIорцIулареб инхокъварисезул тIабигIаталъе хасаб чIаголъи кьолеб, ГIандигIурул кваранаб квер гIадаб лъар буго Хъварщадерил, рии бакьулъги тIасан гIазу тIагIуларел тIогьазул гьайбатаб Богоссалъул гIаркьеллъун кколеб Кьад кьурул кIиго-лъабго азар метралъул борхалъудаса жиндир байбихьи бугеб. ГIандигIурулъе жубазегIан гьелда тIасан лъун буго анцIгониги кьо, амма бищун берцинаблъун букIинарищха жамагIатал цолъун кверал меседилав устар, махх регьолев чи ТIагьир МухIамадовасул кверзукьа араб кьо. КочIолъ аxIухъего, эхеде балагьани-гIаздалал тIогьал, сверухъ балагьани-гIурччинал рохьалгун кьер-кьерал, махI берцинал тIугьдуз росарал байдабаз, кьурул парсалгун кIкIалал рихьулеб Зубба чвахелодул аххада баккараб Аллагьасул нигIмат-даруяб регьадул иццалда сверухъ бакI берцин гьабуна берцинаб гIамалалъул иман-ислам рекIелъ бессараб жамагIаталъул хIалтIуца. Ихдал-риидал хъудилаго, лъидаялиго бахъараб ццидаца кIвекIулаго гIадин, доба речIчIун, гьаниб кьабун унеб, хаслихъе-хасало сасун чвахулеб лъаралда тIаса гьеб квегьизего гIадин, кьараб-багIараб «рачелалда» тIасан БетIергьанас лъикIалъе гурони инсанас хIетIе чIвазе хъван батугеги. Аллагьас гьенисан тIасан унеб гIадин сиратI бахизеги бигьа гьабеги кьо базе квербакъаразеги тIолго бусурбабазеги.

Лъел хIавуз цIигьабизе гIарцулал сурсатал ракIаризе кумек гьабурал КIванкьадаса ГIали Абуязидовасегун Хъвайниса Салман ХIажимурадовасеги баркала.

Аби буго квешав чиясул квешлъи ралъдалъ бугеб ччугIидацин щолилан. КигIан рикIкIадехa щолеб сахаватав инсанасул цIарги. Жив абадияб рокъове аниги, халкъалъе гьединал лъалкIал нахъе теялъе тIоцебе квербакъарав МухIамадил байбихьиялъул рахъ ккурал, гьесул иш кодобе босун, цогидазе бетIерлъи гьабурал Эльдарилгун МухIамадгIалимил нухмалъиялда гьоркь хIалтIарал гIолохъабазул цIаралги даим халкъалъул дугIадулъ рукIина.

Росдал социалиябгун экономикияб рахъ лъикIлъиялъеги кьодул ва цIигьабун кьачIараб нухалъул квербакъи букIиналда щаклъи гьечIо. Даруяб иццухъгун гьайбатаб тIабигIаталъул расалъиялда хIухьбахъизе рачIунезул кьадар кьойидаса кьойиде цIикIкIун гурони, дагьлъулеб гьечIеблъи якьинаб иш буго.

**Хадижат Залимханова**

**Диниияб бокIон**

# ВарагIалъе шартIал

ХIурматияб диналъул агьлу, казият цIалулел! Диналда жаниб буго «варагI» абун машгьураб рагIи. Гьелда сверун кIалъай гьабизе ракIалда буго гьаб макъалаялда. Щайгурелъул варагIалдалъун ратIарахъи гьабулелъул муъминзабазда гьоркьобги. Щибха кколеб варагI? Гьеб ккола хIарамалде ккеялда хIинкъун, хIалалаб рехун тей.

Бичасул Аварагас(с.гI.в.) - Абугьурайратиде хитIаб гьабун абун буго: «Мун вукIа варагI бугевлъун, гьедин вугони гIадамазда гьоркьов бищунго гIибадат цIикIкIаравлъун вукIина», - ян. ХIасанул Басрияс абун буго, варагIгун цадахъ гьабураб цо мискъала заррагIанасеб гIибадат хирияб буго азарго как-кIалалъул мискъалалдасагиян.

Гьаб заман буго цIакъ хIабургъараб, хIалал-хIарам халкъалъ батIа гьабулареб мех. Гьединаб заманалда варагI цIуни цIакъго кьанагIатаб ва захIматаб жо ккола. Цоги букIунеб жо буго, варагI кколел ругин абун чIолелги камуларо. Гьеб иш жидерго хасал мурадазде щвеялъе хIалтIизабулелги рукIуна. Гьединлъидал чара гьечIого лъазе ккола варагIалъул хIакъикъат.

Сайфуллагь-кьадияс «Канзул магIариф» абураб тIехьалда хъван буго: «Аллагь лъаялде рахарал цо-цо гIалимзабаз абуна, варагI тIубаларо анцIго жо паризаяблъун бихьулеб гьечIони.

1. Гьибаталдаса мацI цIуни. 2. Махсарабаздаса рикIкIалъи. 3. ГIадамаздехун квешаб пикруялдаса нахъе кьай. 4. ХIарамалдаса бер цIуни. 5. БитIараб бицин. 6. Аллагьас кьурал нигIматал лъай, жиндирго напсалдаса гIужбу ине букIине. 7. Жиндир боцIи лъикIаб рахъалде харж гьаби, хIарамалде гьабичIого. 8. Жиндир¬го напсалъе тIадегIанлъи ва чIухIи тIалаб гьабунгутIи. 9. Каказда тIадчIей гьаби, хасго какал жамагIаталда раялде кIвар кьей. 10. Суннаталда ва жамагIаталда тIадчIей гьаби.

РачIаха пикру гьабизе. Гьал рехсарал рахъалги цIуничIого варагI бугин гаргадани гьев чи витIаравлъун вукIунев гьечIо. Гьибат-бугьтаналдаса мацIги цIуничIони, кидаго махсарабаздаги вугони, варагI кида ккелеб гьес? Жинда сверухъ вугевщинав чи квешавлъунги рикIкIун, дунялалда кколебщиналъе гьел гIайибиялълъунги гьарун цIунулеб варагI щиб? ЦIогьорасул кинниги хIарамабщиналъуре берал терхелел ругони, цо битIараб калам мацIалдаги гьечIони, гьабулеб варагIалда цIар щиб кколеб? Жиндихъ бугебщинаб жо, боцIи букIа, гьунар бугониги жиндирго бугеблъун бихьун, Аллагьасул нигIмат букIиналдеги кантIичIого, гIужбуялда вугониги, варагI букIинищ? Щвараб магIишат кибехун хIалтIизабулебали лъалеб гьечIого гьабураб жоги варагIищ кколеб? Ракьалда чIухIун хьвадун, гIадамал тIутIаллъун рихьулелги рукIаго варагIалда дагIба бан данде ккеладай? Гьединго, цогидал шартIалги тIурачIого варагI абун чIеялъул пайда кинаб букIунеб?

* * *

# Дунял

Жакъа инсанасе рахIат босизе бокьарал нигIматал кьун руго Аллагьас. Абизе бегьула, жакъа гIадин гьарзаго нигIматал киданиги рукIинчIин абунги. Дунял ва боцIи-мал буго цIикIкIанагIан инсанасул жиндехун рокьи цIикIкIунеб жо. Дунял-ахират цадахъ рекъон бачине цIакъ захIматаб жоги буго. Цоялде цIикIкIун гьетIидал, цогидаб нахъе ккола.

Аварагасул (с.гI.в.) хIадисалда буго: «Дунял жиндир аслияб кIварлъун бугесе ТIадегIанав Аллагьас факъру гьабила гьесул беразда цебе. Гьесул хIалтIи-пишаги Аллагьас бикьа-бихизабула ва Аллагьас хъвараб гурони дунялалъул гьесиеги щвезе гьечIо», - ян. (Тирмизи)

Дунялалда хадур лъугьунаго нилъеда кIочон батула инсанасул бугеб хIакъикъияб мурад. БоцIи-мал цIикIкIиндал инсан разиго вукIуна ва гьеб тIаса иналдалъун пашманлъула. Амма диналъулъ загIиплъи кигIан кканиги ургъелцин гьабуларо. Гьединасда абула дунялалъ мехтарав чийиланги. Гьесул мехтелги, гьекъолдухъанасул мехтелалдаса, гучаб букIуна. Гьекъарав чи радал вахъиналде вигьаниги, дунялалъухъ рокьи ккарав, кьанада хIарщ речIчIидал гурони вигьунаро.

ЯхIя ибн МугIазица абуна: «Дунял буго шайтIаналъул гьекъолеб жо. Гьелъ мехтарав чи, хваразул бода гьорлъ, чIорого хутIиялъ пашманго гурони вигьунаро», - ян.

Гьединав чи киданиги дунялалъул боцIи-малалдалъун гIорцIуларо. Аллагьас гьесул беразда цебе лъураб мискинлъиялъ гьев кидаго хъантIун, дунял гьабизе вортанхъулев вукIуна.

ГIумру буго бер кьапилалде тIаса унеб жо. Ахиратги чIунтизе тун дунял тIаса бищараздехун ТIадегIанав Аллагьас абуна (магIна): «Дир Кьуръаналда ва цогидал тIахьазда гIамал гьабиялдаса жив вуссарав чиясе дунялалъул рокъоб цIакъ захIматаб яшав букIине буго, гьев бечедав вугониги. Лъимал-хъизан гIемерав вугониги жиндие хIалхьи, рекIелгьей гьечIеб яшавалда вукIине вуго. Кьиямасеб кьоялъ Дица гьев тIаде вахъинавула беццавлъун», - ян. (Сурату «ТIагьа», аят 128)

ТIадегIанав Аллагьас иман лъеялда жаниб гьабун буго, дагьаб бугониги, дунялалъул боцIи гIуравлъун вукIин, жинда тIаде щиб кьварилъи бачIаниги гьеб Аллагьасул рахъалдасан букIин лъан, Аллагьасе мутIигIлъи. РакI гIодобе биччан вукIин, хIукму гьабураб лъугьунеблъи, жиндие хъвараб ризкъи жиндаса борчIулареблъи лъан. Жиндие кьураб жоялда разилъиги букIуна имангун цадахъ, хадусеб ишалъулъ Аллагьасде таваккал тIамиги букIуна.

**«Ас-салам» газеталдаса босараб**

## Колонка прокурора

Межрайонной прокуратурой проведена проверка исполнения требований Федерального закона №44-ФЗ от 05.04.2013 «О контрактной системе в сфере закупок товаров, работ, услуг для обеспечения государственных и муниципальных нужд» (далее - Закон о контрактной системе).

Проверкой в действиях заказчика были выявлены нарушения Закона о контрактной системе, так извещение №0103200008424003137 о проведении электронного аукциона на приобретение жилья для детей сирот и детей оставшихся без попечения родителей с ценной контракта 2436000 рублей со сроком исполнения контракта - 10 рабочих дней.

При этом в документации «описание объекта закупки» указано, что срок предоставления (приема-передачи) жилого помещения (квартиры, дома) установлен в течении 30 календарных дней с даты подписания муниципального контракта, что является нарушением ч. 3 ст. 7 Закона о контрактной системе.

Так, межрайонной прокуратурой рассмотрено и удовлетворено обращение гражданина и в отношении должностного лица администрации муниципального района возбуждено производство об административном правонарушении, которое рассмотрено УФАС по РД, и он привлечен к административной ответственности.

* * *

Проведенной межрайонной прокуратурой проверкой исполнения законодательства в сфере обеспечения безопасности дорожного движения в части соблюдения ограничений к водительской деятельности установлено, что местный житель, состоящий на учете у врача - психиатра с заболеванием - «Легкая умственная отсталость» (Р70) имеет водительское удостоверение на право управления транспортными средствами.

В соответствии с постановлением Правительства РФ от 29.12.2014 №1604 «О перечнях медицинских противопоказаний, медицинских показаний и медицинских ограничений к управлению транспортным средством» заболевание - «Легкая умственная отсталость» Р70 относится к перечню медицинских противопоказаний к управлению транспортными средствами.

В связи с этим межрайонной прокуратурой в Ботлихский районный суд направлено административное исковое заявление о прекращении действие права на управление транспортными средствами местного жителя, состоящего на учете у врача - психиатра.

Решением Ботлихского районного суда от 23.10.2024 административное исковое заявление удовлетворено.

**Т.Магомедов,** межрайонный прокурор

## Газпром

# Обеспечим тёплую зиму в наших домах благодаря полным расчётам за газ

«Газпром межрегионгаз Махачкала» призывает население республики погасить имеющиеся долги за газ до 10 декабря.

Поставщик газа в Дагестане напоминает абонентам о необходимости своевременных ежемесячных расчётов за потреблённый газ. Потребителям, имеющим задолженность за газ, необходимо до конца года погасить её.

Сегодня, организована удобная дистанционная оплата за газ не выходя из дома, не отпрашиваясь с работы и не тратя время на дорогу и очереди у кассы. Благодаря дистанционным приложениям «Газ Онлайн» и «Мой Газ», а также можно использовать «Личный кабинет абонента» на сайте поставщика www.mkala-mrg.ru.

В «Личном кабинете» потребитель газа может передать показания счетчика и произвести оплату за газ БЕЗ КОМИССИИ. «Личный кабинет» максимально прост в использовании и экономит время потребителя газа, нет необходимости посещать абонентский пункт и кассы. Рекомендуем оплачивать за газ используемый в домах в селе, в районе, за престарелых родителей и родственников, за квартиры и дома сдаваемые в аренду. Один пользователь «Личного кабинета» может оплачивать за несколько лицевых счетов. «Личный кабинет» и приложения «Газ онлайн» и «Мой Газ» также удобны для дагестанцев, которые живут за пределами республики и имеют газифицированное жильё. Чтобы большие долги не были неприятным сюрпризом – легко отслеживать начисления в «Личном кабинете». Каждый четвертый потребитель газа республики уже использует «Личный кабинет», оценив его очевидные удобства.

Для потребителей газа в ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» также организована работа «Контакт центра». По бесплатному номеру 8-800-200-98-04 абоненты могут узнать сумму своей задолженности, а также получить ответы на все вопросы, касающиеся имеющейся задолженности

**Пресс-служба ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала»**

## Объявление

# Сдается в аренду земельный участок

Администрация сельского поселения «сельсовет Хуштадинский» Цумадинского района РД сдает в аренду земельный участок сельскохозяйственного назначения, расположенный на территории сельского поселения «сельсовет Хушадинский» с кадастровым номером: 05:38:000071:1 общей площадью 19928915кв.м., категория земель -«Земли сельскохозяйственного назначения», разрешенное использование - «Для сельскогозяйственного назначения», расположенный по адресу: Республика Дагестан, Цумадинский район, установив начальный размер годовой арендной платы в размере 0.16 % от кадостровой стоимости земельного участка в сумме 79715 рублей 66 копеек.

Срок аренды 49 лет. Дата и место проведения торгов: 10ч.00м.09.01.2025г. в здании администрации сельского поселения «сельсовет Хуштадинский» по одресу: РД, Цумадинский район, с. Хуштада,ул. Центральная, д.51.

## Спорт

# Мазгарул призерлъун вахъана




Дагъаб цебе Грозныйялда «Олимпийск» спортивияб комплексалда тIобитIана СССРалъул спорталъул мустах1икъав мастер, эркенаб гугариялъул рахъалъ дунялалъул чемпион Асланбек Бисултанов ракIалде щвезавиялъе эркенаб гугариялъул рахъалъ гIолилазда гьоркьоб (U2I) ТIолгороссиялъул турнир.

Турниралда гIахьаллъана Россиялъул анцIила ункъо районалдаса 190 гугарухъан.

Гьенив 86 кг. цIайиялдацеве вахъарав Мах1ачхъалаялда ХIажи МахIачевасул цIаралда бугеб спортивияб школалда куцалев Гьигьалъа ГIумар Шагьрудинов мустахIикълъана мазгарул медалалъе.

ГIумар ккола нилъер ДЮСШялъул выпускник.

* * *

# Шахматазул къецал тIоритIана

Дагьаб цебе Агъвали тIадеги лъайкьеялъул централда тIобитIана школазул лъималазда гьоркьоб шахматал хIаялъул къецал. Къецазул мурад букIана ц1алдохъабазда гьоркьоб шахматал машгъур гьари ва гьелде гьезул рокьи бижизаби.

Къецазда гIахьаллъана районалъул анцIила лъабго школалъул цIалдохъаби. Гьел тIоритIана васалазда ва ясалазда гьоркьор.

**ЧIахIияб г1елалда гьоркьоб бергьана:**

**Васал: 1**. АхIмаднабиев М-Р. (Хуштада), 2. ГъазимухIамадов М. (Агъвали), 3. ГъазимухIамадов М. (Гъоркьгьаквари).

**Ясал:** 1. МухIамадова Ясмина (Агъвали), 3. АсхIабова Ф. (ТIисси-Ахикь), 3. ГьитIвасова С. (Эчеда), 3. ХIажиева А. (Хуштада).

**ГIисинаб г1елалда гьоркьоб:**

**Васал:** 1. ГIисаев И. (Агъвали), 2. ГIусманов М. (ТIадгьакварида), 3. ТIажибов М. (Сасикь).

**Ясал:**1. ГIабдулбасирова ГI. (Агъвали), 2. ХIусенова С. (ТIинди), 3. ХIажимухIамадова Ш. (Хуштада).

Турниралъе спонсорлъи гьабуна ТIиндиса Мухтар Абубакаровас.

**ПатIимат Абакарова,** РЦДОялъул методист

## «Выпускник-2025»

### Месячник профессиональной ориентации молодежи

Вниманию выпускников общеобразовательных школ и их родителей!

Центром занятости населения в муницпальном образовании «Цумадинский район» с 25 ноября по 25 декабря 2024 года проводится месячник профессиональной ориентации молодежи- «Выпускник-2025». Мероприятия организованы с целью оказания помощи молодежи из числа выпускников общеобразовательных школ в профессиональном самоопределении и ориентировании их на выбор профессий, пользующихся перспективным спросом на рынке труда.

Надеемся, что наша информация будет полезна выпускникам школ, а также их родителям.

## Лъазаби

Агъвали почалъул отделениялъе къваригIун вуго почтальон.

ХIалтIи къваригIарас ахIизе бегьула телефоналъул гьаб номералде 8 989 864 19 77.

Гьал къоязда Аллагьасул къадаралде щвана ТIадгьаквариса ГIусман СалихIов. ТIолго районалъе камунин ГIусман абуни, мекъи ккеларо, лъиего кивго хIалае ватулев инсан вукIана. Батиларо Агъвали махщел камилаб гьесул меседил квер щвечIеб бакI.

Райгазеталъул коллективалъ гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго ГIусман Аллагьасул къадаралде щвеялда бан гьесул хъизанлъималазда ва тIолго гIагарлъиялда.

Аллагьас иманалда тIовитIун ватаги, нахъе хутIаразе сабру кьеги.

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
8 (87273) 2-52-44

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦIумада район, Кьенгьара росу,
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
Дагъистан Республикаялъул
«ЦIумада район» муниципалияб
районалъул администрация
(ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, I «А»
Тираж - 1259
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул балъголъи
гъорлъ бугел ва цогидалги
баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maII.ru